



Pwogram Volontè Anvan-Jaden (VPK) Gid Pou Paran

➤ Ki moun ki ka patisipe nan pwogram VPK 2026-2027 la pou ane a? Timoun k ap viv nan Florid ki pral gen 4 an, nan oswa anvan 1ye septanm 2026 (yo dwe fèt ant 2 septanm 2021 ak 1ye septanm 2022).

➤ Kijan pou aplike?

- Ale sou sitwèb Portal Fanmi Divizyon Aprantisaj Bonè (DEL) la:

<https://familyservices.floridaeearlylearning.com/> OR

<http://www.elcpalmbeach.org/> (Klike sou lyen anlè paj la)

- Si ou se yon NOUVO UTILIZATÈ sou sitwèb la:

➤ Enskri pou yon Kont Portal Fanmi an.

Ou dwe gen aksè a imèl ou pou valide kont ou epi kòmanse yon aplikasyon.

- Si ou se yon UTILIZATÈ KI RETOUNEN sou sitwèb la:

➤ Konekte epi "Kreye yon nouvo aplikasyon VPK" sou paj Pwofil Fanmi an.

Pou w ranpli aplikasyon VPK a, w ap bezwen bagay sa yo:

- **Fanmi Portal Kont**

- **Prèv Laj Timoun nan.**

➤ Tankou yon sètifika nesans OSWA yon paspò OSWA yon dosye vaksinasyon ki siyen pa yon ofisyè sante piblik oswa pa yon doktè k ap pratike ki gen lisans.

- **Prèv rezidans.**

➤ Tankou yon lisans chofè OSWA yon bòdwo sèvis piblik OSWA yon kontra lokasyon ki siyen nan lespas yon (1) ane.

➤ Yon fwa ou fin soumèt aplikasyon VPK a:

- Ou ap resevwa yon notifikasyon pa imèl nan 10 jou ouvab ki di aplikasyon w lan te apwouve oswa rejte.

☐ Si yo rejte aplikasyon w lan, ou dwe korije aplikasyon an epi soumèt li ankò pou apwobasyon. Pwosesis revizyon an ka pran jiska 10 jou ouvab.

- Yon fwa ou fin apwouve l, ou ka enprime sètifika VPK ou a sou nenpòt enprimant lè w antre nan kont Portal Fanmi w la.

➤ W ap bezwen konekte avèk non itilizatè ak modpas ou pou jwenn aksè nan kont Portal Fanmi ou an.

- Soumèt Sètifika VPK ou a bay founisè ou chwazi a.

Chwazi yon pwogram gadri kalite siperyè ki satisfè bezwen pitit ou a se youn nan desizyon ki pi enpòtan yon fanmi ka pran.

Bezwen èd pou aplike, rele nou nan 561-514-3300

Ou ka pale ak youn nan Espesyalis Resous ak Referans pou Swen Timoun nou yo pou aprann plis bagay sou Kijan pou aplike oubyen pou chwazi yon founisè.